# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 दिसम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

संसद क दुन्नो सदन में आजु लगतारे पचवां दिन्ने कई गो मुद्दन पर बिपक्ष क हंगामा के नाते रूकावटि आइल। दुन्नो सदन क कार्यवाही बिना कउनों बिसेस कामकाज के बिहने ले स्थगित कै दिहल गइल हौ। बिपक्ष एगो प्रमुख ब्यौपारिक समूह के खिलाफ कथित घुसखोरी क आरोपन अउर उत्तर प्रदेस के सम्भल में हिंसा के साथे कई मुद्दन के ले के हंगामा कइलस। येह नाते कार्यवाही पहिले दुपहरिया बारह बजे ले अउर फेर दिन भर खातिर स्थगित कै दिहल गइल।

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू बिहने अन्तर्राष्ट्रीय दिव्यागजन दिवस पर राष्ट्रीय दिव्यांगजन सशक्तीकरण पुरस्कार प्रदान करिहें। कुल बाइस जने अउर इग्यारह संस्थानन के राष्ट्रीय पुरस्कार से सम्मानित कइल जाई। सामाजिक न्याय अउर अधिकारिता मंत्री डॉक्टर वीरन्द्र कुमार येह मौका पर दिव्यांगजन क ससक्तीकरण बदे कई गो कल्याणकारी योजनन क सुभारम्भ करिहें।

**********

प्रदेस सरकार प्रयागराज क महाकुंभ क्षेत्र के जिला घोसित कइले हौ। ई अस्थाई जिला चारि महिन्ना बदे बनावल गइल हौ। ई फैसिला कुंभ मेला क प्रबंधन अउर प्रसासन के परभावी बनावे क उद्देस्य से लिहल गइल हौ। येह जिला में पुरहर जिलवे के तरियन कार होई। येह बदे डीएम, एसएसपी के साथे सज्जो विभागन क पद सृजित कइल गइल हौ। जिला में चारि तहसीलि– सदर, सोरांव, फूलपुर अउर करछना क सड़सठ गांवन के सामिल कइल गइल हौ। येह बरिस माघ मेला में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ई बिचार सामने रखले रहलें। हर बारह बरिस पर लागे वाला महाकुंभ अगिला बरिस तेरह जनौरी से सुरू होई अउर छब्बीस फरौरी के पूरा होई।

**********

महाकुंभ में आवे वाले सरधालुअन के स्थानीय परिवहन बदे यूपी क स्टार्टअप कॉम्फी ई मोबिलिटी ऑनलाइन ई रेक्सा अउर ई ऑटो बुकिंग क सुविधा देई। ई सेवा पनरह दिसम्बर से सुरू हो जाई। येह गाड़ियन के चालकन के आवे वाला सरधालुअन से निम्मन ब्यौहार करे क प्रसिक्षण दीहल जाई। हिन्दी चाहे अंगरेजी भासा समझले में परसानी क सामना करे वाले सरधालुअन क सुविधा बदे सज्जो चालकन से गुगल वायस असिस्टेंस क ट्रेनिंगो दीहल जा रहलि हौ। कॉम्फी ई मोबिलिटी क संस्थापक अउर निदेसक मनु गुप्ता बतवलें कि सरधालुअन के सस्ती राइड क सुविधा देवे बदे चालकन से कमिसनों नाहीं लिहल जाई।

**********

संयुक्त प्रवेस परीक्षा–जेईई एडवांस अगिला बरिस अठारह मई के आयोजित कइल जाई। ई जनकारी भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान आईआईटी कानपुर क जेईई एडवांस दुइ हजार पचीस क आयोजन अध्यक्ष प्रेस विज्ञप्ति के जरिया से दिहलें। उहां के बतवलीं कि इंतिहान क पहिला प्रस्नपत्र सबेरे नौ बजे से बारह बजे ले अउर दुसरा प्रस्नपत्र दुपहरिया अढ़ाई बजे से साढ़े पांच बजे ले होई। दुन्नो प्रस्नपत्र के दीहल अनिवाय होई।

**********

बनारस में नमामि गंगे की ओरि से दशाश्वमेध घाट पर आजु स्वच्छता अभियान चलावल गइल। येह अभियान में बिदेसी पर्यटक लोगि सक्रिय भगीदारी कइलें। नमामि गंगे के काशी क्षेत्र क संयोजक अउर नगर निगम क स्वच्छता ब्रांड एम्बेसडर राजेश शुक्ला के अगुआई में चलि रहल येह अभियान में अमेरिका से आइल पर्यटक लोगिन क स्वच्छता स्लोगन लिखल तक्थी लोगिन के खास तौर पर आकरसित कइलस।

**********

कुशीनगर जिला में अजोध्या, बनारस अउर आगरा क तर्ज पर पर्यटक पुलिस क तैनाती होई। पर्यटक पुलिस के रूप में पूर्व सैनिकन क तैनाती बदे प्रस्ताव सासन के भेजि दिहल गइल हौ। उप निदेसक पर्यटन रवीन्द्र कुमार बतवलें कि पर्यटन पुलिस क तैनाती महापरिनिर्वाण बुद्ध मंदिर, माथा कुंवर बुद्ध मंदिर अउर रामाभार स्तूप के साथे कुशीनगर इंटरनेशनल एयरपोर्टो पर होई। ई पुलिस पर्यटकन के गाइड अउर सुरक्षा दिहले के साथे अउरियो जरूरी सहजोग करी।

**********

भारत मौसम विज्ञान विभाग की ओरि से अपने एक सौ पचसवां सालगिरह पर राष्ट्रीय मौसम ओलम्पियाड क आयोजन मेट ओलम्पियाड नांव से कइल जा रहल हौ। मौसम विज्ञान केन्द्र लखनऊ क प्रमुख की ओरि से जारी एगो प्रेस विज्ञप्ति में ई जनकारी दीहल गइल हौ। ई ओलम्पियाड कक्षा आठ नौ अउर इग्यारह क विद्यार्थियन के मौसम अउर जलवायु के बारे में आपन जनकारी प्रदर्सित करे क मौका होई। एहमन सामिल होखे बदे दस दिसम्बर ले पंजीकरण करावल जा सकी। एकरे खातिर चउदह अउर पनरह दिसम्बर के राज्यस्तरीय परीक्षा करावल जाई। पुरहर विवरण बदे विभाग क वेबसाइट डब्ल्यू डब्ल्यू डब्ल्यू डॉट मौसम डॉट आईएमडी डॉट जीओवी डॉट इन स्लैस एमईटी डैस ओएलवाई स्लैस पर लॉगिन कइ सके लें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग अगिला तीनि दिन के बाद अधिकतम तापमान में अउर अड़तालीस घंटा के बाद न्यूनतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के गिरावट क पूर्वानुमान जतवले हौ। विभाग की ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के हिसाबि से अगिला एक हप्ता ले प्रदेस में कई जगहिनि पर सबेरे के समय धुंध के साथे हल्लुकाहे कुहेसो छवले रही।

**********